

31

desanm

(Jezi di disip li yo :) Mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. Matye 28. 20

Kounyeya se twa bagay sa yo ki toujou la : Se konfyans, se espwa, se renmen. Men nan twa bagay sa yo se renmen ki pi gran. 1 Korentyen 13. 13

Meyè zanmi (pi bon zanmi)

*Jezi se pi bon zanmi,
Se zanmi kè m dezire ;
Jezi se sila ki renmen m,
Li se refij mwen e Sovè m tou.*

*Jezi se limyè
Ki vin klere chemen m
Pou pandan m ap suiv li
Pye mwen pa glise.*

*Jezi se renmen fidèl,
Li se repo mwen isiba ;
Li se lavi ki pap janm fini an
Se li k ap kondui mwen rive nan syèl la.*

*Jezi se esperans mwen :
Talè konsa k ap vin chache m
Mwen va kontan nan prezans li
Nan repo etènèl la.*

*Espwa mwen, tout pou mwen, lavi m,
O Jezi, limyè, renmen,
Isit la m ap glorifye ou
Pandan m ap tann ou retounnen !*

31 décembre

(Jésus dit :) Moi je suis avec vous tous les jours, jusqu'à l'achèvement du siècle. Matthieu 28. 20

Maintenant ces trois choses demeurent : la foi, l'espérance, l'amour ; mais la plus grande, c'est l'amour.

1 Corinthiens 13. 13

L'Ami suprême

*Jésus est l'Ami suprême,
Le tendre Ami de mon cœur ;
Jésus est celui qui m'aime,
Mon refuge et mon Sauveur.*

*Jésus Christ est la lumière
Qui vient éclairer mes pas
Pour qu'en suivant ma carrière
Mon pied ne s'égare pas.*

*Jésus est l'amour fidèle,
Mon repos en ce bas lieu ;
Il est la vie éternelle
Et me conduit jusqu'à Dieu.*

*Jésus est mon espérance :
Bientôt il viendra du ciel
Me ravir en sa présence
Dans le repos éternel.*

*Mon espoir, mon tout, ma vie,
Ô Jésus, lumière, amour,
Qu'ici je te glorifie
En attendant ton retour !*